



Pou Piblikasyon Imedya: 20/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF KI PWOLONJE MORATWA SOU EKSPILSYON KOMÈSYAL KI GEN RAPÒ AK COVID JISKA 20 SEPTANM

Chita sou aksyon Gouvènè a pou pwoteje lokatè rezidansyèl ak komèsyal yo kont ekspilasyon ak frè lwaye anreta pandan pandemi COVID-19 la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon dekrè egzekitif ki pwolonje pou yon mwa siplèmantè moratwa eta a sou ekspilasyon ak sezi komèsyal ki gen rapò ak COVID, jiska 20 septanm. Mezi sa pwolonje pwoteksyon ki deja anplas pou lokatè komèsyal yo ak moun ki gen ipotèk an rekonesans ak kou finansye ke pandemi an enpoze pwopriyete antrepriz yo, ki gen ladan etablisman vant an detay ak restoran. Pwolongasyon pwoteksyon sa a bay lokatè komèsyal ak moun ki gen ipotèk yo tan aplis pou tounen sou pye yo ak ratrape lwaye yo oswa renegosye kondisyon lokasyon yo pou evite pwosedi ekspilasyon ak sezi.

"Byenke nou te fè gwo pwogrè nan kenbe pousantaj enfeksyon nan New York ba, pandemi sa a pa fini epi pandan nou kontinye konbat viris la, nou kontinye pwoteje biznis New York ak lokatè rezidansyèl ki fè fas ak difikilte finansye akòz COVID", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen pwolonje moratwa Eta a sou ekspilasyon komèsyal yo pou asire pwopriyete biznis yo nan New York pa gen obligasyon fèmen akòz pandemi an."

Gouvènè Cuomo te premye anonse yon moratwa Eta sou ekspilasyon rezidansyèl ak komèsyal nan dat 20 mas pou asire okenn lokatè pa ekspilse pandan gwo moman ijans sante piblik la. Moratwa sou ekspilasyon komèsyal ak sezi a te pwolonje rive 20 out dapre Dekrè Egzekitif la, epi Gouvènè a te siyen Lwa sou Refij Sekirite Lokatè (Tenant Safe Harbor Act) pou pwoteje lokatè rezidansyèl ak pwopriyete kay yo kont sezi oswa ekspilasyon akòz difikilte finansye COVID-19. Gouvènè Cuomo te mande pwoteksyon aplis tou pou lokatè rezidansyèl yo kont chaj pou reta nan peman lwaye ak otorize lokatè yo pou itilize depo garanti pou peye lwaye pou lokatè rezidansyèl yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)